Ohio Chapter
INCORPORATED IN OHIO
American Academy of Pediatrics
DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

Ohio Department of Health

IMINITE KOMINOTÈ: PI FÒ AK PI AN SEKIRITE ANSANM

Iminite kominotè vle di yon maladi gen difikilte pou gaye paske anpil moun pwoteje, swa gras ak vaksinasyon oswa maladi anvan yo. Lè mwens moun a risk, li vin pi difisil pou enfeksyon an sikile nan kominote a—ede pwoteje tout moun.

KIJAN IMINITE KOMINOTÈ FONKSYONE:



Iminite Kominotè mande pou yon gwo pousantaj moun iminize pou li efikas. Pa egzanp, maladi sa yo mande pou pousantaj sa yo pou reyalize iminite kominotè:

Mal mouton:	Lawoujòl:	Koklich *(tous ak Ralman)*:	Polyo:
75-85%	**95%**	**92-95%**	**80-86%**

Sous:
https://www.voicesforvaccines.org/toolkits/community-immunity-toolkit/understanding-community-immunity/

KIJAN OU KA SIPÒTE IMINITE KOMINOTÈ?

Pran Vaksen: Vaksen yo san danje, efikas epi se pi bon defans nou kont maladi.

Rete Enfòme: Swiv direktiv sante piblik pou maladi yo. Mande founisè sante, enfimyè lekòl yo ak lòt sous konfyans sou pousantaj iminite kominotè lokal yo.

Pratike Prevansyon: Sèvi ak bon teknik ijyèn tankou lave men ou pandan jounen an epi rete lakay ou lè ou malad.

Gaye Pawòl la: Pataje enfòmasyon sou vaksen fyab ak kominote w la epi idantifye lòt moun ki pasyone pou zafè iminite kominotè a.

OHIO SIPÒTE IMINITE KOMINOTÈ

87%

nan Moun Ohio panse ke se **trè enpòtan oswa enpòtan** pou paran yo fè timoun yo pran vaksen.

86%

nan Moun Ohio panse vaksen regilye yo **san danje anpil oswa san danje** pou pifò timoun yo.

89%

te **gen konfyans** pedyat/doktè fanmi yo a ba yo enfòmasyon yo bezwen pou yo pran desizyon enfòme sou vaksen yo.

75%

nan Moun Ohio kwè ke paran yo **ta dwe oblije** fè pitit yo pran vaksinen kont maladi evitab yo.

Sous: *https://ohioaap.org/new-poll-reveals-public-opinion-on-immunizations/*

KOZE RAPID SOU VAKSEN

- **Yo teste** vaksen yo ak anpil rigè; Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (U.S. Food and Drug Administration) kontwole tout etap devlopman vaksen yo.
- **Reyaksyon alèjik grav a vaksen yo ra** (anviwon youn pou chak 1,000,000 dòz*).
- **Vaksen yo efikas.** Varyòl elimine nèt atravè lemond, epi polyo prèske elimine nèt.
- Yo te teste kalandriye **vaksen rekòmande AAP a epi li san danje.** Li pa akable sistèm iminitè a.
- Maladi (tankou lawoujòl) **retounen** lè pousantaj vaksinasyon yo tonbe.

**https://www.hhs.gov/immunization/basics/safety/side-effects/index.html#:~:text=Serious%20side%20effects%20from%20vaccines%20are%20extremely%20rare.,Difficulty%20breathing*